

NOVANM 2016

VOLIM 1



Le mot de la Présidente

Chers Membres et amis de Lakou Lapè,

C'est avec un immense plaisir que nous lançons cette première édition de « Nouvel Lakou a ». Dès notre création en 2012, nous nous sommes donnés pour objectif de construire des communautés visant à l'apaisement de la violence et la gestion de conflits à travers les sphères de la société haïtienne. La force de notre communauté et de notre institution provient de son équipe, de ses valeurs morales et de l'engagement des membres à mener leur mission à terme. Nous espérons que cette « édition e-zine » facilitera la diffusion de notre message de paix et reflétera non seulement les actions entreprises par Lakou Lapè mais aussi les progrès réalisés dans l'accomplissement de notre idéal.

Grâce à l'engagement exceptionnel de son Conseil d'Administration, de son Conseil Consultatif, de ses membres et de ses employés, Lakou Lapè a su participer activement à la réduction de la violence dans plusieurs communautés. Grâce au dialogue, la médiation, la négociation, nous avons su créer des liens entre différents secteurs de la société, lesquels rarement ont l'occasion de se rencontrer et de dialoguer ensemble.

Nous avons eu une attention particulière pour les jeunes ce qui a permis à un certain nombre d'entre eux de participer à des séances de formation en gestion de conflit, transformation de traumatismes, engagement civique et leadership. Nous sommes maintenant capables de compter sur leur implication et initiative dans leurs communautés respectives afin d'y bâtir la paix et donner l'exemple d'un leadership positif aux autres. Nous avons réussi à former des petits et micros entrepreneurs en gestion afin de leur permettre de développer leur autonomie financière et créer des emplois dans les quartiers défavorisés. Ils ont pu aussi rencontrer et discuter avec plusieurs entrepreneurs du Secteur Privé des Affaires.

En mon nom propre, au nom du Conseil d'Administration, au nom de la Direction Exécutive, je remercie tous les membres, employés, donateurs et participants à nos programmes qui ont fourni un effort soutenu dans les diverses communautés pour l'obtention de la PAIX.

Dominique Bazin

Présidente



NOVANM 2016

VOLIM 1



Prezidan lan nan yon ti pawòl

Chè Manb ak zanmi Lakou Lapè,

Se ak anpli plezi ke nou ap lanse premye edisyon « Nouvèl Lakou a ». Depi le nou kreye en 2012, nou ba tèt nou kom objektif pou nou bati kominote ki gen kòm vizyon redwi zak vyolans epi jere konfli nan tout nivo nan sosyete ayisyèn nan. Fòs enstitisyon nou an se nan ekip nou an, valè moral ak angajman manb li yo pou mennen misyon li yo jiskobou. Nou espere ke « e-zine » sa fasilite nou fè pase mesaj lapè et montre a klè tout aksyon Lakou Lapè antreprann ansanm ak pwogrè ke li reyalize pou li akompli ideyal li.

Gras ak angajman eksepsyonèl manb Konsèy Administrasyon, manb Konsèy Konsiltatif, manb li ansanm ak anploye li yo, Lakou Lapè patisipe aktivman nan redui vyolans nan plizyè kominote. Gras ak dyalòg, medyasyon ak negosyasyon, nou rive kreye lyen ant plizyè sektè nan sosyete an, ki pat janm rankontre pou yo pale ansanm.

Nou pote yon atansyon spesyal a jenn yo e pèmèt yon bon valè nan yo patisipe nan seyans fòmasyon nan jestyon konfli, transfòmasyon twomatism, angajman sivik ak lidèchip. Kounya nou ka konte sou enplikasyon ak inisyativ nan kominote pa yo, pou yo bati lapè epi bay ezanp lidèchip pozitif pou lòt yo. Nou fòme mikwo ak ti biznismann nan jestyon pou pèmèt yo devlope otonomi finansyè epi kreye travay nan katye defavorize. Yo te rankontre epi diskite ak plizyè biznisman nan Sektè Prive.

Nan non pam, nan non Konsèy Administrasyon an, nan non Direksyon Egzekitif, m di mèsè ak tout anploye, donatè ak patisipan nan pwogram nou yo ki te bay on gwo kout men nan plizyè kominote pou LAPE ka etabli.



LI CHANJE M / CELA M'A CHANGÉ



Nan fen lane 2015, Lakou Lapè kòmanse reyalize yon pwojè pou fòme kèk jèn nan Bèlè, Sen Maten, Nan Kokto. Projè sa benefisye soutyen **Fondasyon Entè-Ameriken (IAF)**. Yon jèn patisipan, **Stanley Delphin**, te tèlman kontan pou enplikasyon l' nan pwojè avèk Lakou Lapè ke li te ekri yon slam pou rann omaj sou transfòmasyon ke gras ak fòmasyon ak dyalòg pwojè a pote lakay li ak lakay lot vwazen li. Tit lan se "Li Chanje m". Slam sa, non sèlman ofri yon vizyon inik sou opinyon yon patisipan nan pwojè a, men pale tou de gwo efò Lakou Lapè fè pou redwi vyolans epi kanalize jèn nan yon vi miyò.

À la fin de 2015, **Lakou Lapè** a commencé à réaliser un projet pour former des jeunes à Bel-Air, Saint Martin, et Nan Cocteau. Le projet bénéficie du soutien de la **Fondation Inter-Américaine (IAF)**. Un jeune participant, **Stanley Delphin**, a été tellement ému par son implication dans le projet qu'il a écrit un slam pour rendre hommage à la transformation que le projet a réalisé, à la fois chez lui et chez ses voisins, grâce à la formation et aux dialogues. Le titre est "Li Chanjem" ("Cela m'a changé"). Ce slam, non seulement offre la perspective unique d'un participant au projet, mais illustre les efforts que fait **Lakou Lapè** pour réduire la violence et canaliser les jeunes vers unme vie meilleur.

<http://www.iaf.gov/Home/Components/CustomBlog/CustomBlog/1221>



Li Chanjem

M pat gen lontan depi mwen tap viv yon vi chen manje chen
 Kote mwen te konn wè jodi menm pat konn panse ak demen.
 Yon vi banbòch, yon vi vagabondaj
 Kote chak lè yon moun wè m, li di ti nèg sa paka yon saj.
 Vag ak yon laj nan timoun, lè w vin gran ou gen pouw regrèt.
 Echèk vi w' depann de ou, mal entansyone egal defèt.
 Se jwèt mwen te konn ap fè ak vi m mwen pat kwè anyen te danje
 M te plis kwè nan litij, chòk, anretou mwen se vanje.
 Yon bon maten m leve yon zanmi envite m vin swiv yon fòmasyon
 San poze kesyon m te aksepte m pat menm di ki jan de fòmasyon.
 Le m rive sete pwopo de byen vini epi prezantasyon.
 M tap swiv san fè bri paske m te prezan gason.
 M te wè patisipan, direktè, fasiltatè, m te wè fòmasyon.
 M pat konn ki wòl m tap pral jwe, kom m potko gen fòmasyon.
 Sete Lakou Lapè kite mete sou pye bèl mouvman sa.
 M te kòmanse prete atansyon pou m te adapte m nan moman sa.
 Yo te fè nou pale de tèt nou, kiyès ki envite nou, e ki kote nou soti.
 Yo te fè nou pran plezi antre nou se te yon fason pou nou te vin zanmi.
 Jesyon transfòmasyon konfli se te sou sa fòmasyon an te plis baze.
 Pou mwen se te yon pi gwo zam kite ka ede nasyon an nan chita pale.
 Li chanje m paske l fè m panse yon lòt jan de jan mwen te konn panse.
 Li rann mwen saj, patisipasyon ladann fem wè m se yon moun chance.
 Nan mwen li mete tolerans, tanperans e li fè m gen anpil metriz.
 Lekòl merite fòmasyon sa, menm nan perestil ak legliz.
 Map dil mès pou transfòmasyon li fè nan mwen e ki bon pou vi mwen.
 Akòz di li kwè m, si w vle ayiti ap gen mwens krim.
 Lakou Lapè fè de mwen yon lidè, sak fe nan zòn mwen m se yon referans.
 Kounya m pa kwè nan konfli, lapè pou mwen se yon preferans.
 Li rann mwen la rezon poum fè lyezon achak moun ke m pat konnen.
 Li familiarize nou, ki fè lanmou ak nou vin makonnen.
 Mès ak direktè, fòmasyon chak manb epi fasiltatris.
 Fòmasyon an met jwa nan kè mwen kife w ka wè mwen fasil pa tris.
 Mès Lakou Lapè

Stanley Delphin

LAKOU LAPÈ- PACTES D'ENGAGEMENT JEUNES/ CANDIDATS

Construction d'une citerne et d'un kiosque de distribution d'eau à Ti Bois .



Lakou Lape patisipe nan konstriksyon yon sitèn ak tout kiòsk distribisyon dlo li nan Ti Bwa anlè tèt Matisan ak finansman Concern Worlwide epi AVSI. Yon enjenyè Sektè Prive manb Lakou Lapè bay sipò benevòl li nan prepare plan yo, ede nan enplantasyon epi bay konsey sou konstriksyon an.

Lakou Lapè participe dans les travaux de construction d'une citerne et d'un kiosque de distribution d'eau à Ti Bois au dessus de Martissant avec un financement de Concern Worldwide et de AVSI. Un ingénieur du Secteur Privé des Affaires membre de Lakou Lapè., a donné son support bénévolement en préparant les plans, en faisant l'implantation et en donnant des conseils pour la construction.



Après plizyè fòmasyon yo te swiv ak Lakou Lapè sou Jestyon ak Transfòmasyon konfli, Medyasyon, Negosyasyon epi Gouvènans Lokal, yon gwoup jèn manb òganizasyon lokal ak etidyan nan inivèsite ansanm ak yon gwoup kandida pou eleksyon kolektivite Teritoryal pran angajman fòmèl pou yo travay ansanm pou fè de aksyon ki pou redwi oswa anpeche vyolans nan 8èm seksyon kominal Matisan anvan, pandan epi après eleksyon yo.

Après plusieurs séminaires de formation donnés par Lakou Lapè sur Transformation de Conflits, Médiation, Négociation et Gouvernance Locale, un groupe de jeunes, membres d'organisations locales et universitaires ainsi qu'un groupe de candidats aux élections locales se sont formellement engagés à travailler ensemble pour réduire ou arrêter les actes de violence dans la 8 ème section communal de Martissant avant, pendant et après les élections.



ORGANISATION WOZO / LAKOU LAPE

Gwoup jèn Lakou Lapè Bèlè, Sen Maten ak Nan Cocteau (Kafou) patisipe nan yon fòmasyon sou jesyon estrès ak twomatism ke **Organisation Wozo Haiti** te fasilite. Objektif fòmasyon sa se pou ede jèn ki nan sitiyasyon difisil nan jestyon twomatism yo epi devlope kapasite yo nan rezolusyon konfli san vyolans nan kominite yo. Après fòmasyon sa ap gen reyinion chak mwa kote jèn yo ap gen posibilite pou yo pataje eskperyans yo apre fòmasyon an,

aprantisaj yo ak pwogrè yo reyalize.



Les membres des groupes de jeunes de Lakou Lapè au Bel-Air, a saint Martin et

a Nan Cocteau (Carrefour) ont participé à une formation sur la gestion de stress et des traumatismes facilité par l' **Organisation Wozo Haiti**. L' objectif de cette formation était d'aider ces jeunes à gérer leurs traumatismes et les aider à développer une capacité de résolution non violente de conflits communautaires. La formation sera suivie par des réunions mensuels où les jeunes seront en mesure de partager leurs expériences post-formation, leurs apprentissages et progrès réalisés.

LAKOU LAPÈ FORME 100 ENTREPRENEURS DE MARTISSANT ET DU BEL AIR AVEC L'APPUI DE LA NCA

Lakou Lapè ap fòme 100 antreprènè nan Matisan ak Bèlè avèk apwi **NCA** (Norwegian Church Aid) nan optik kreye richès ak devlopman travay nan katye ki gen konfli yo.

Lakou Lapè forme 100 entrepreneurs de Martissant et du Bel Air avec l'appui de la **NCA** (Norwegian Church Aid) dans l'optique de la création de richesse et du développement de l'emploi dans les quartiers à risque.



Lakou Lapè ofri fòmasyon ak pwogram Jesyon konfli nan sosyete an.

Lakou Lapè offre des formations et des programmes de gestion de conflits au sein de la société.

◆ Petites Annonces

Marriage

Marriage de notre Agent de Terrain Niva Pierre le Samedi 15 Octobre dernier.

Anniversaires

15 Octobre: Nirva Pierre

3 Novembre: Louis Henri Mars

6 Novembre: Jean Claude Joseph

29 Novembre: Louis Marjory Pierre Louis

3 Décembre: Lorma St Urbain

4 Décembre: Remarais Joseph Maxime

27 Décembre: Albert Jean Joseph Antoine

MEMBRES DU SECTEUR PRIVÉ DES AFFAIRES PARTICIPENT À LA FORMATION DE MICRO ET PETITS ENTREPRENEURS

Manb Sektè Prive patisipe nan fòmasyon mikwo ak ti antrepriz nan zòn Matisan ak Bèlè, epi reponn kesyon sou jestyon, kontabilite ak finansman nan antrepriz. Lakou Lapè ankouraje inisyativ sa kòm yon fòm dyalòg sosyal ant mikwo ak ti biznisman ansanm ak biznisman sektè prive fomèl lan.

Des Membres du Secteur Privé des Affaires participent à la formation de micro et petits entrepreneurs de la zone de Martissant et du Bel Air en répondant à leurs questions sur la gestion, la comptabilité et le financement des entreprises. Lakou Lapè encourage comme une forme de dialogue social le mentoring de micros et petits entrepreneurs par des entrepreneurs du secteur privé formel des affaires.

-De gauche à droite

Luc Marie Luxéus PDG "Magasins Sous la Main"

Mike Torres Propriétaire Station de gasoline à Martissant

Ralph Edmond PDG Laboratoires Farmatrix




CONSEIL D' ADMINISTRATION KONSEY ADMINISTRASYON

Dominique Bazin , Présidente
 Willhelm Lemke, Vice Président
 Régine D. Polynice, Trésorière
 Nadège B. Robertson, Membre
 Louino Robillard, Membre
 Fabrice Burr Reynaud, Membre
 Almiracle Saint Fort, Membre
 Frank Coughlan, Membre
 Geneviève Bonny, Membre

CONSEIL CONSULTATIF KONSEY KONSILTATIF

Eddy Jean
 Lesly Dumay
 Jean Claude Joseph
 Jean Rony Morisseau
 Frantz Edouard
 Manoune M. Rhode
 Joram Guerrier
 Frantz Larosilière
 Ian White
 Bettina Joseph



© Lakou lapè

Adresse: #23 Avenue des Marguerites, Turgeau. Port-au-Prince, Haïti

Tel: (509)2811-1804

Email address: lakoulape@hotmail.com

<https://web.facebook.com/lakoulape/>